

Alice Hyde Medical Center

Rezime Règleman

Jwenn èd pou peye swen sante.

Nou gen yon pwogram asistans finansye pou ede w peye swen ou bezwen an.

Kisa yon pwogram asistans finansye ye?

Nou ofri asistans finansye pou moun ki pa gen asirans. Nou ofri asistans tou pou moun ki gen asirans ki gen depans yo pa kapab peye ak lajan pa yo. Li ka itilize pou swen kontinyèl ak ijans. Pou yo apwouve asistans lan, swen an dwe nesesè medikalman pou sante w.

Ki moun ki ka jwenn asistans finansye?

Pou kalifye:

- **Eligibilite a baze sou revni;** gade aplikasyon an pou dokiman nesesè yo.
- **Ou dwe yon "rezidan New York"** – sa gen ladan l etidyan, moun k ap travay nan Nouyòk, imigran san papyè, moun k ap viv nan Nouyòk men ki pa gen yon lojman ki estab. Sa pa gen ladan vizitè oswa vwayajè sof si swen an ijan.
- **Revni ou dwe pi ba pase limit la.** Gen diferan limit revni pou swen gratis ak swen nan pri ki ba. Gade tablo yo.

Limit revni

Jwenn gwosè ak revni kay ou a sou tablo ki anba yo. Pou pifò moun, gwosè kay la se moun ki enskri sou taks ou yo. Si ou fè twòp lajan pou resevwa swen gratis, ou ka kalifye pou swen ki pa koute chè.

Swen gratis

Ou ka jwenn **swen gratis** (peye \$0) si revni kay ou a anba **250%** nan Nivo Povrete Federal la (FPL). Nan lane 2026, revni ou ta dwe mwens pase:

Gwosè Kay la	Revni Maksimòm
1 moun	\$39,900
2 moun	\$54,100
3 moun	\$68,300
4 moun	\$82,500
5 moun	\$96,700
6 moun	\$110,900
7 moun	\$125,100
8 moun	\$139,300

Swen ki pa koute chè

Si revni kay ou a anba **400%** nan Nivo Povrete Federal la (FPL), ou ka kalifye pou yon **rabè**. Nan lane 2026, revni ou ta dwe mwens pase:

Gwosè Kay la	Revni Maksimòm
1 moun	\$63,840
2 moun	\$86,560
3 moun	\$109,280
4 moun	\$132,000
5 moun	\$154,720
6 moun	\$177,440
7 moun	\$200,160
8 moun	\$222,880

Swen pou katastwòf

Poze nou kesyon konsènan swen katastwòf (blesi grav oswa maladi) si ou dwe lopital la anpil lajan, men revni ou twò wo pou kalifye pou swen gratis oswa nan pri ki ba. Tip asistans sa a disponib pou pasyan ki gen yon balans ki plis pase 20% nan revni anyèl kay yo. **Nou ka ede w detèmine si w kalifye.**

W ap jwenn plis enfòmasyon nan do a

Sèvis ki kouvri yo

- Sèvis medikal an ijans yo bay nan yon sal ijans;
- Sèvis ijan pou yon maladi ki ta ka lakoz yon chanjman danjere nan eta sante yon moun si li pa trete rapidman;
- Swen ou pran randevou pou yo, men ki medikalman nesèsè

Sèvis ki PA Kouvri

- Sèvis kosmetik/plastik
- Sèvis pou pwoblèm enfètilite/fètilite
- Swen ki pa nesèsè medikalman
- Sèvis rechèch / eksperyantal
- Swen pou pasyan entènasyonal sof si yo bay sèvis la nan yon sal ijans; defini kòm vizitè, ki pa rezidan

Kijan pou aplike

Ou ka aplike anvan oswa aprè ou fin resevwa sèvis medikal yo. Si ou aplike aprè ou fin resevwa sèvis yo, ou dwe fè sa nan espas yon ane aprè ou fin resevwa premye fakti a.

Suiv etap sa yo:

1. Jwenn yon aplikasyon gratis.

- An pèsòn: 10 Third Street, Malone, NY 12953
- Anliy: [Asistans Finansye | University of Vermont Health](#)
- Telefòn: Rele (518)481-2241

2. Ranpli aplikasyon an. PA kite okenn seksyon vid. Mete dokiman sipò yo jan yo note sou aplikasyon an.

3. Ban nou oswa voye aplikasyon w fin ranpli a.

Depoze l nan: 10 Third Street
Malone, NY 12953

Voye l pa lapòs nan adrès sa a:

University of Vermont Health Network
Financial Assistance Program
Patient Access Department IDX 22052
111 Colchester Avenue
Burlington, VT 05401

Kisa k ap pase aprè sa?

W ap resevwa yon lèt nan men nou nan pwochen 30 jou yo. Li ap di si yo apwouve w, si yo refize w, oswa si ou bezwen voye plis enfòmasyon.

Si yo refize aplikasyon w lan, ou ka fè apèl kont desizyon an. Yo dwe voye demann pou apèl bay Patient Financial Assistance an alekri nan espas 60 jou aprè yo te refize demann lan epi li dwe gen ladan rezon apèl la.

Kijan pou jwenn èd pou ranpli aplikasyon an

Vizite biwo konsèy finansye nou an:

10 Third Street, Malone, NY 12953

RELE: (518) 481-2241

Sipò lang gratis

Nou ofri èd gratis pou moun ki gen bezwen komunikasyon oswa langaj. Nou kapab ede moun ki bezwen enfòmasyon sa yo tou nan diferan fason. Pou entèprèt ak sipò tradiksyon (518) 481-2241.

Plis enfòmasyon

Ki moun ki aksepte asistans finansye?

Se pa tout founisè ki kouvri anba règleman asistans finansye nou an. Gade lis nou an isit la: [Lis Asistans Finansye | University of Vermont Health](#). Ou kapab mande nou tou enfòmasyon sou doktè w la.

Li tout règleman an

Sa a se yon rezime senp sou règleman asistans finansye nou an. Règleman konplè nou an disponib isit la: [Asistans Finansye | University of Vermont Health](#).

Non-diskriminasyon

Nou pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, eta sivil, relijyon, zansèt, orijin nasyonal,

sitwayènte, sitiyaşyon imigrasyon, lang
prensipal, andikap, kondisyon medikal, oswa
enfòmasyon jenetik.